



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)

FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL EGZAMEN FEN ETID SEGONDÈ BAKALOREYA REGILYE - JIYÈ 2025 SERI: (SES-SMP-SVT) KREYÒL



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Dire egzamen an : 3è

Premye pati (40 pwen / 8 pwen pou chak bon repons).

A. Gramè- Vokabilè-Òtograf

1- Konstwi yon fraz selon chak endikasyon ki pi ba yo:

- a) Predika vèbal
- b) Predika nominal
- c) Predika advèbyal
- d) Predika adjektival

2- Jwenn fonksyon mo oubyen gwoup mo ki souliye pi ba yo:

- a) Bibliyotèk lekòl la vin bèl anpil.
- b) Komin lan pa gen kouran depi yè.
- c) Joslen, prezidan klas filò a, te fè yon bèl diskou.
- d) Ti gason madan Lemè a wouj ak san.

3- Endike aspè predika ki nan enonse pi ba yo:

- a) Klerimon fenk sot travay.
- b) Chak jou li leve al nan jaden.
- c) Mwen pral pot manje pou malad la.
- d) Li te tris nan fèt la.

4- Itilize vèb omograf "Monte" nan kat (4) fraz pou, sans li diferan nan chak.

5- Fè reprezantasyon grafik fraz ki vin apre a.
« Ti fi Jislèn lan marye ak yon predikatè. »

Dezyèm pati

Lè nou pran sistèm konbit la Ayiti, paregzanp, nou wè sa se yon bon bagay, kote youn ap ede lòt (nan kèk travay), gwoup moun ap travay ansanm nan yon seri aktivite tèlke : prepare tè pou plante, plante, rekòlte, bati kay, fè founacho (founo), ets.. Lè se tou pa lòt, asosye, lòt moun vin ede. Se yon bèl filozofi (lè n ap panse ak pwovèb sa a : Men anpil, chay pa lou). Nap mande pou kisa tout peyi a pa klitve yon tèl filozofi opwofit sitwayen l nan tout sans. se yon filozofi ki ta dwe enplante nan lekòl, depi klas matènèl, pou kòmanse konsyantize timoun pou aprann travay ansanm (travay an gwoup sou yon seri ti pwòjè), e pou yo konnen se tèl gwoup ki reyalize l. Kredi a se pou gwoup, se pa pou yon grenn elèv.

Seminè ta dwe fèt sou filozofi konbit la pou gade fason l ka aplike nan rivo pou ede nan devlopman Ayiti. Li ta bon pou nou menm Ayisyen pase an revni tout sa nou wè ki ta pozitif nan sosyete ayisyèn nan pou n ta klitve, epi pase yo bay lòt jenerasyon yo tou. Konsa, se tankou yon semans nou ta ap klitve pou l miltipliye. Li ta bon tou pou n gade kisa ki fè lòt nasyon pwogrese (Èske se lajan sèlman yo bezwen k ap ede lakay yo ?). Donk, an gwo, nou ka imajine ke siksè yo gen pou wè ak fason yo panse.

Emmanuel W. Védrine,

Egoyis : yon viris k ap detwi kominote ayisyen an, 2001

Konpreyansyon tèks (20 pwen/ 4 pou chak bon repons.)

1- Ki tèz otè a ap defann nan tèks la ?

2- Jwenn divès agiman otè a avanse pou li kore tèz li a.

3- Ki relasyon ki genyen ant siksè yon pèp ak valè li bay travay kolektif dapre otè a ?

4- Poukisa otè a panse li enpòtan pou mete lespri konbit la nan lekòl depi klas matènèl ?

5- Dapre ou menm èske sistèm konbit la ta ka fonksyone nan sosyete a jodia ? Poukisa ?

Ch) Literati ekspresyon kreyòl (20 pwen / 4 pwen pou chak bon repons)

1- Presize non otè chak zèv pi ba yo.

Nannan solèy nan karès Lawouze. _____

Zig lavi _____

Sèt powèm ki sot nan mòn. _____

Nan Savann dezole. _____

2- Ki wòl yon naratè jwe nan yon resi ?

3- Itilize tèm kòrèk pou ou konplete chak enonse.
(destinatè, adjivan, benefisyè, objè)

a) _____ Sa sijè oubyen ewo a ap chèche a.

b) _____ Moun oubyen antite ki ede ewo a akonpli misyon l.

c) _____ Moun oubyen sa ki pouse ewo a al chache objè a.

d) _____ Moun oubyen antite ki benefisye objè ewo a t ap chache a.

4- Jwenn de (2) karakteristik yon nouvel fantastik.

5- Jwenn figi estil ki nan enonse pi ba yo:

a) Site lendepandans lan leve cho maten an.

b) Ti gason tant Èlsi a se yon sèvo.

c) Mwen nèk wèl, mwen fè bak pa dèyè.

d) Depi m wè l kè m pran danse.

Twazyèm pati

D- Pwodiksyon ekri (20 pwen)

Chwazi youn (1) nan de (2) sijè sa yo

1- Yo toujou di: Men anpil chay pa lou. Eksperyans pèp ayisyen ak pratik konbit moutre kijan lespri kolektivite ka ede komin yo a avanse.
Rakonte yon eksperyans oswa yon sitiyaasyon ou te viv, oubyen temwen kote lespri konbit te egziste epi bay opinyon ou sou jan lespri konbit kapab sèvi kòm zouti pou devlopman peyi a.

2- Idantifye yon pwoblèm majè peyi d Ayiti ap fè fas. Epi pwopoze kèk solisyon oubyen sijesyon pou kwape pwoblèm sila.